



The Multilingual Library for Children in Europe

Haitian Modern Story
Haitian Creole language version



Co-funded by the
Erasmus+ Programme
of the European Union

“Fairy tales are more than true:
not because they tell us that dragons exist,
but because they tell us that dragons can be beaten.”

Neil Gaiman



Multilib Project Partnership

Viksjöfors Skola
Viksjöfors, Sweden
Project Coordinator
Helena Ehrstrand

The Mosaic Art Sound Ltd
London, United Kingdom
Teresa Dello Monaco

International Yehudi Menuhin Foundation
Brussels, Belgium
Marianne Poncelet

Language School PELICAN
Brno, Czech Republic
Dáša Ráček Pelikánová

Technical University of Crete
Chania - Crete, Greece
Nektarios Moumoutzis

Cukurova University
Adana, Turkey
Figen Yilmaz

Authors:

Swedish	Traditional Modern	Traditional unknown Viksjöfors school children year 4
Kurdish	Traditional Modern	Adaptation from Aesop's Fables Viksjöfors school children year 4
English	Traditional Modern	Oscar Wilde James Blake
Tibetan	Traditional Modern	Team led by Jamyang Dhomdup Team led by Jamyang Dhomdup
Belgian	Traditional Modern	Traditional Story from the Ardennes Marianne Poncelet
Haitian	Traditional Modern	Team work led by Marlène Dorcena Team work led by Marlène Dorcena
Czech	Traditional Modern	Karel Jaromír Erben Tereza Sokolíček
Russian	Traditional Modern	Traditional Unknown Team work led by Natalia Gigina
Greek	Traditional Modern	Vitsentzos Kornaros Nikos Blazakis
Armenian	Traditional Modern	Team work led by Mary Baritaki Team work led by Mary Baritaki
Turkish	Traditional Modern	Traditional unknown Halil İbrahim Halaçoğlu
Arabic	Traditional Modern	Team led by İnana Abdelli Team led by İnana Abdelli



Illustrator:

Swedish	Traditional Modern	Ida Uddas Ida Uddas
Kurdish	Traditional Modern	Saad Hajo Saad Hajo
English	Traditional Modern	Christopher Mallack Christopher Mallack
Tibetan	Traditional Modern	Leona Tsiara Leona Tsiara
Belgian	Traditional Modern	Amélie Clément Amélie Clément
Haitian	Traditional Modern	Marianne Poncelet Benela Desauguste
Czech	Traditional Modern	Kateřina Kroupová Kateřina Kroupová
Russian	Traditional Modern	Barbara Dorušincová Barbara Dorušincová
Greek	Traditional Modern	Nikos Blazakis Nikos Blazakis
Armenian	Traditional Modern	Maria Xanthaki Maria Xanthaki
Turkish	Traditional Modern	Firuze Engin Firuze Engin
Arabic	Traditional Modern	Firuze Engin Firuze Engin



Paolo Cremona Layout design:

English Editing: Sean McManaman



Ti Pan

Haitian Modern Story
Haitian Creole language version

Author: Marlène Dorcena

Illustrator: Benela Desauguste



Depi lontan, Rwa ak Rèn tap viv nan yon ti kote (an deyô) ki twouve-l a 30 kilomèt de vil Okay.

Chak jou Bondyie mete, Rwa-a te ale jwe kat sou yon bato avèk yon bann zanmi, bagay sa-a te bay Rèn-la anpil têt chaje. Yon jou li decide bay Rwa-a yon bon leson. Men, pou sa te fèt, Rèn la bezwen yon mesaje. E se konsa, yon vandredi maten, pandan ke Rèn la enstale-l anba galeri-l, li wè yon bourik kap pase.

« He, bourik, eske ou ka rann mwen yon ti sèvis ?

-Pale, map koute-w, nou pral wè sa. Se avèk anpil plezi.

-Mwen vle ke Rwa sispann jwe kat. Pou sa ka fèt, mwen pral enstale-m nan kabann mwen e map fè tankou mwen mouri. Ou menm, ou pral sou bato kote-l ap jwe kat ak bann zanmi-l yo epi wap di-l ke mwen mouri. Konsa, pipirit chantan, lap retounen lakay.

- Byien, pa gen pwoblèm. Map fè sa trè vit wi. Mwen pwomèt ou sa.

-Montre-m kouman ou pral fè sa ?

- Hi han, hi han, hi han, hi han !

- A, non, se pa bon. Ann kite sa, mwen pral chache yon lòt moun pou fè sa.



Yon pakèt tan aprè, Rèn la te pale ak anpil bèt nan bwa : yon kabrit, yon pijon ak yon bann lôt .



Tou kont fè, li te tèlman fatige ke dômi ale avè-l. Pandan Rèn la tap dômi, Ti Pan (yon ti zwazo ki pa menm jan ak lôl yo) te aprann nouvèl-la, li te vinn poze sou yon branch pyie flanbwayian kitap bay lonbraj ak frechè nan veranda.

Bonjou sa Majeste, eskize-m.

O, o Ti Pan, ki bon van ki mennen-w la ?

Mwen tande ke wap chache yon moun ki pou pote yon mesaj pou ou. Eske mwen ka fè travay sa-a ?

Rèn la esplike Ti Pan tout bagay. Ti Pan di wi, tou de swit.

Di mwen Ti Pan, eske ou ka montre-m kouman ou pral fè sa ?

Ti Pan, Ti Pan

Ti nouvèl-o kriye lonè

Ti Pan, Ti Pan


Ti nouvèl-o kriye lonè

Angéline, fanm Rwa-a

Li mouri

Li mouri

Bravo Ti Pan, ou konpwann tout bagay. Mwen angaje-w.



Ti Pan, tou kontan, pran wout pou pote nouvèl bay Rwa ki ap jwe kat tout la sent jounen ak zanmi-l yo. Depi Ti Pan kite palè Rèn la, lap chante san rete pou Rwa-a ka tandè. Ti Pan chante tout la jounen jiskaske li pa kapab ankô. Ti Pan fatigue, men apre tout gwo jounen sa-a, Ti Pan jwen Rwa-a sou bato-a avèk tout zanmi-l yo.



Menm moman-an, Ti Pan kontinye ap chante pi fô jiskaske Rwa-a tande nouvèl-la. Rwa-a te tèlman pè, li deside kite tout zanmi-l yo ak tout lajan pou-l rantre brid sou kou nan palè-a.



Depi jou sa-a, Rwa-a kite jwe kat, li rete bò kote madanm li. Tout la jounen, yap dôlote ak mignonnen yon ak lòt. Depi jou sa, Ti Pan pase de tan zan tan nan Palè-a pou fè yon ti koze ak yo.





The Multilingual Library for Children in Europe

Project number: 2016-1-SE01-KA201-0221018



Co-funded by the
Erasmus+ Programme
of the European Union



The European Commission support for the production of this publication does not constitute an endorsement of the contents which reflects the views only of the authors, and the Commission cannot be held responsible for any use which may be made of the information contained therein.

This work is licensed under the Creative Commons Attribution-Share Alike 4.0 International License. To view a copy of this license, visit <http://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/>.

www.multilibproject.eu